



FAZ 2 RE-OUVÈTI

Re-ouvèti Pwogresif Faz 2 pou Konte Palm Beach

Nan dat 1ye septanm 2020, Administratè Konte a te bay Konsèy Manm Komisyon Konte a *Plan Re-ouvèti Pwogresif Faz 2* sa a pou soumèt bay Gouvènè DeSantis avèk yon demann pou pase Konte Palm Beach nan re-ouvèti pwogresif Faz 2 a. Nou prevwa ke mouvman sa a ka fèt apre wikenn Fèt Travay la, etap pa etap, jan sa endike anba a, konfòmman ak enstriksyon ak otorizasyon Gouvènè DeSantis.

Kalandriye ki anba a se yon estimasyon epi sipoze ke endikatè sante lokal yo jan sa dekri nan *Pwoqram Redemaraj Pa Faz COVID-19 (CPR)* la kontinye evolye nan direksyon ki swete a, epi reyaparasyon an se pa yon faktè. Anplis de sa, kalandriye a sijè ak apwobasyon Konsèy Manm Komisyon Konte a ak Gouvènè DeSantis.

Kalandriye ak estrateji asosye ki dekri nan plan sa a baze sou direktiv Depatman Sante Florid (FDoH) ak CDC ak rekòmandasyon ki baze sou plis prèyè ki montre plis yon moun entèraji ak lòt nan yon espas ki fèm ak ki plen moun epi plis tan entèraksyon sa pran, se plis risk ki genyen pou pwopaje COVID-19ⁱⁱ. Estrateji yo ki endike isit la vize limite kapasite nan espas fèm, redui opòtinite pou kontak pwòch ak/oswa diminye kantite peryòd pwolonje (>15 minit) entèraksyon ak lòt. Limite kontak pwòch fas a fas avèk lòt se pi bon fason pou redui pwopagasyon maladi aⁱⁱⁱ.

- Pwoteksyon figi yo obligatwa nan tout biznis ki otorize fonksyone nan kad Faz 2 a ki sijè ak restriksyon ak limit ki fè pati Òdonans Dijans 20-012 Konte a, *Direktiv Anplis nan Zafè Mete Pwoteksyon Figi*.
- Distans sosyal oswa fizik an akò ak Direktiv CDC dwe respekte nan tout biznis yo.
- Pwosedi pwòpte yo dwe aplike nan tout biznis yo an akò ak *Direktiv CDC sou Re-ouvèti pou Netwayaj ak Dezenfeksyon Espas Piblik, Espas Travay, Biznis, Lekòl ak Kay*^{iv}.
- Kesyon konsènan ouvèti yo nan Faz 2 a dwe ale jwenn Divizyon Jesyon Dijans (Division of Emergency Management), telefòn (561) 712-6400 oswa voye imèl bay ComplianceReopening@pbcgov.org



FAZ 2 RE-OUVÈTI

Dat Estimatif: 8 septanm 2020

Etap 1 – Re-ouvri kèk lokal lwazi ak lòt biznis ki nan espas fèmèn. Re-ouvri lokal lwazi yo ki gen risk modere rive nan wo pou pwopagasyon nan kominote a nan yon fason redwi. Lokal lwazi yo pral otorize re-ouvri avèk pwoteksyon figi, distans fizik, ak pwotokòl netwayaj ki ranfòse, men dwe fonksyone tanporèman nan yon kapasite fonksyonèl redwi jan sa endike anba a.

- Pis Bolingv:
 - Limite nan 50% vwa total operasyonèl yo;
 - 4 jwè/vwa pou pi plis;
 - Aksè limite ak house ball (lansman boul nan mi) yovi; epi
 - Espektatè ki pa nan gwoup yo dwe kenbe distans 6 pye (pa dwe chita ni rasanble);
- Sal echapatwavii:
 - Okenn melanj jwè; sèlman pati prive;
 - Rezèvasyon ki repati oswa lè pou kòmanse;
 - Pou pi plis 6 moun nan chak sal;
- Sal sinema (jiska 50% pou pi plis nan kapasite total pou chitaviii);
- Teyat (33% kapasite total pou chitaix);
- Sant patinajx:
 - Pou pi plis 25 patinè pou chak patinwa estanda
 - Espektatè ki pa nan gwoup yo dwe kenbe distans 6 pye (pa dwe chita ni rasanble);
- Sant tranpolinxii:
 - Limite ak 50% ekipman/kapasite lokal laxiii;
 - Sèlman yon (1) moun pou chak tranpolin, ekip konba, tapi pou tonbe, fòs ninja oswa lòt atraksyon/kipman;
 - Tout ekipman ki pataje dwe dezenfekte apre chak kliyan fin itilize;
 - Okenn ekipman pataje kote netwayaj apre kliyan fin itilize pa posib (egz., balon chasè);
 - Okenn gwoup/pati/aktivite pa dwe >10 moun; epi
 - Espektatè ki pa nan gwoup yo dwe kenbe distans 6 pye (pa dwe chita ni rasanble);
- Lòt lokal lwazi nan espas fèmèn yo ki ofri, swa pou patisipasyon oswa obsèvasyon, opòtinite rekreyatif oswa jwèt konpetans nan yon bilding fèmèn:
 - Egzanp yo gen ladan men pa limite ak, sal biya ki pa gen lisans tankou ba, foutbòl nan espas fèmèn, etikèt lazè, lansman hach ak paintball (jwèt tire);
 - 50% ekipman/kapasite espas la; ekipman ki gen restriksyon pral gen entèdiksyon klè pou pa fonksyone (egz., pano oswa kouvri);
 - Okenn ekipman pataje oswa ekipman ki gen anpil kontak pami kliyan yo kote netwayaj apre kliyan an fin itilize pa poosib;
 - Okenn gwoup/pati/aktivite pa dwe >10 moun; epi
 - Espektatè ki pa nan gwoup yo dwe kenbe distans 6 pye (pa dwe chita ni rasanble);



FAZ 2 RE-OUVÈTI

- Restoran ak etablisman alimantè yo:
 - Kontinye sèvis nan espas fèmen nan jiska 50% kapasite pou chita^{xiv};
 - Espas pou chita anplennè nan tout kapasite otorize avèk distans fizik apwopriye;
 - Sèvis repa nan ba otorize avèk distans fizik apwopriye; epi
 - Restoran ak etablisman alimantè yo ka fonksyone nan jiska 50% tab biya yo genyen (sa vle di, yon tab oswa mwatye nan tout tab yo, nenpòt sa ki pi gwo a) Tab ki gen restriksyon yo pral gen entèdiksyon klè pou pa fonksyone (egz., pano oswa kouvri);
- Sa anba yo ka fonksyone nan tout kapasite^{xv} avèk distans fizik ak pwotokòl sanitè^{xvi} ki te aplike:
 - Etablisman vant an detay nan magazen;
 - Mize ak bibliyotèk;
 - Etablisman sèvis pèsònèl yo ki pa te ouvri anba òdonans anvan yo; epi
 - Sant jimnastik ak pou kondisyon fizik.

Aprè yon peryòd evalyasyon kote Konte Palm Beach pral rasanble ak analize ase done endikatè sante lokal ki demontre ti reyaparasyon oswa okenn reyaparasyon enpòtan oswa enpak sante piblik negatif nan ouvèti Etap 1 an, Konte a ka avanse nan pwochen etap la.

Dat Estimatif: Distri Lekòl pou detèmine

Etap 2 – Re-ouvri lekòl piblik yo (nan salklas). Konte Palm Beach rekòmande Distri Lekòl Konte Palm Beach la pou konsidere re-ouvri lekòl fizik yo pou bay ansèyman an pèsòn/nan salklas nan tout lekòl piblik yo 3-4 semèn apre Faz 2, Etap

1. Distri Lekòl la ak Depatman Sante Konte Palm Beach la dwe rasanble ak analize done endikatè sante yo pou detèmine nenpòt enpak sante piblik etap sa a nan re-ouvèti a. Konte Palm Beach pral kontinye rasanble ak analize done endikatè sante nan tout konte a pou siveye gwo reyaparasyon oswa nenpòt enpak sante piblik negatif etap 1 ak 2 yo.

Distri Lekòl Konte Palm Beach ak Depatman Sante Konte Palm Beach pral rasanble ak analize done endikatè sante nan tout distri a pou evalye ak siveye nenpòt gwo reyaparasyon oswa enpak sante piblik negatif ki asosye ak re-ouvèti lekòl piblik [nan salklas]. Konte a pral konsidere done sa yo, ansanm ak done endikatè sante nan tout konte a, nan analiz li, detèminasyon ak lè pou avanse nan Etap 3.

Dat Estimatif: 19 oktòb 2020

Etap 3 – Re-ouvri lòt lokal lwazi. Re-ouvri lòt lokal lwazi ki gen pi gwo risk^{xvii} pwopagasyon kominotè akòz ekspozisyon ak rasanbleman anpil moun ki toupre lòt pandan peryòd tan pwolonje. Espas sa yo pral ouvri dabò nan yon kapasite redui 50%.



FAZ 2 RE-OUVÈTI

- Lokal/etablisman lwazi annapre yo pral otorize re-ouvri nan 50% kapasitexviii:
 - Oditoryòm;
 - Salon bingo;
 - Klèb komedi; ak
 - Sal konsèxix.

Aprè yon peryòd evalyasyon kote Konte Palm Beach pral rasanble ak analize ase done endikatè sante lokal ki demontre ti reyaparasyon oswa okenn reyaparasyon enpòtan oswa enpak sante piblik negatif nan ouvèti Etap 3 a, Konte a ka avanse nan Etap 4.

Dat Estimatif: 2 novanm 2020

Etap 4 – Plis redui restriksyon sou lokal lwazi yo. Plis re-ouvri lokal lwazi yo nan redui kèk restriksyon sou operasyon ak kapasitexx:

- Tout biznis ki te ouvri nan Etap 1 (anwo a) ka fonksyone ak plis moun ladan:
 - Pis Boling:
 - Tout vwa yo ka fonksyone, 4 jwè/vwa pou pi plis;
 - Sal echapatwa:
 - Okenn melanj jwè; sèlman pati prive;
 - Rezèvasyon ki repati oswa lè pou kòmanse.
 - Sal sinema (75% kapasite total pou chita);
 - Teyat (66% kapasite total pou chita);
 - Sant patinaj:
 - Pou pi plis 50 patinè pou chak patinwa estanda;
 - Sant tranpolin;
 - Limite ak 75% ekipman/kapasite espas la;
 - Okenn gwoup/pati/aktivite pa dwe >15 moun.
 - Lòt lokal lwazi nan espas fèmèn yo ki ofri, swa pou patisipasyon oswa obsèvasyon, opòtinite rekreyatif oswa jwèt konpetans nan yon bilding fèmèn:
 - 75% ekipman/kapasite espas la;
 - Okenn aktivite an gwoup pa dwe >15 moun.

Aprè yon peryòd evalyasyon kote Konte Palm Beach pral rasanble ak analize ase done endikatè sante lokal ki demontre ti reyaparasyon oswa okenn reyaparasyon enpòtan oswa enpak sante piblik negatif nan ouvèti Etap 4 la, Konte a ka avanse nan Etap 5.



FAZ 2 RE-OUVÈTI

Dat Estimatif: TBD - otorizasyon espesifik Gouvènè a ki annantant

Etap 5 – Plis redui restriksyon sou lokal lwazi ak lòt biznis yo. Plis re-ouvri biznis ak lokal lwazi yo nan ajoute kategori biznis yo ak redui restriksyon sou kapasite a:

- Tout biznis ki te ouvri nan Etap 1, 3 ak 4 (anwo a) ka fonksyone ak plis moun ladan;
- Otorizasyon espesifik Gouvènè a ki annantant, sa annapre yo ka re-ouvri avèk restriksyon sou kapasite:
 - Akad;
 - Ba;
 - Sal biya ki gen lisans tankou ba;
 - Nagile, sigarèt ak lòt ba ak salon fimèn;
 - Klèb de nwi, etablisman ki ofri lwazi pou granmoun, klèb estriptiz.

2/09/2020

vèsyon anvan yo obsolèt

i Anpeche Tonbe Malad (sitwèb CDC) <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/prevent-getting-sick/how-covid-spreads.html> ii “*Depatman Sante Florid la te elaji Kanpay Anons Sèvis Piblik nan tout eta a, ki ankouraje rezidan Florid yo evite Twa C yo (Three Cs)*” (24 jiyè 2020). FDOH (Depatman Sante Florid) ankouraje rezidan Florid yo evite Twa C yo: 1) Espas Fèmen. Evite espas fèmen ki pa gen ase vantilasyon ki ta ka kite goutlèt kontajye rete nan lè a; 2) Lokal Ankonbre. Evite lokal ankonbre ki gen anpil moun toupre; plis gen moun nan yon zòn, se plis chans ki genyen pou COVID-19 la pwopaje de yon moun a yon lòt epi 3) Anviwònman ki gen Kontak Pwòch. Evite konvèsasyon ki toupre epi rete nan omwen sis pye de lòt yo. Gade sitwèb FDOH: <http://www.floridahealth.gov/newsroom/2020/07/072420-1446-covid19.pr.html>

iii Anpeche Tonbe Malad (sitwèb CDC) <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/prevent-getting-sick/social-distancing.html> iv Direktiv CDC sou re-ouvèti a isit la: <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/community/reopen-guidance.html> Biznis yo dwe asire kliyan yo mete mask jan sa endike nan Odonans Dijans 20-15, Konte Palm Beach la, kenbe distans fizik (sa vle di, travay pou elimine pwen etrangleman nan sikilasyon oswa zòn pou rasanbleman) epi bay anpil pòs dezenfektan pou men nan lokal yo.

v Rekòmandasyon Asosyasyon Boling Konte Palm Beach Lokal yo dwe asire distans 6 pye a ant gwoup ki pa fè pati kowòt.

vi Kliyan yo pa gen aksè gratis ak house ball yo; yon fwa yo chwazi oswa asiye yon house ball, yo itilize li pou tout jwèt la – li pa pataje ak lòt kliyan; tout house ball yo byen netwaye apre chak itilizasyon.

vii Nou pa te kapab lokalize okenn direktiv sou re-ouvèti oswa estanda endistri pou sal echapatwa, ki gen ladan Asosyasyon pou Sal Echapatwa Amerik Dinò. <https://escapegamesamerica.org/> Chak sal dwe dezenfekte apre chak jwèt. Pou redui risk pwopagasyon ant kontak, tout kliyan yo dwe lave men yo oswa itilize yon dezenfektan pou men anvan yo antre nan sal la.

viii Lokal yo dwe asire distans fizik 6 pye ant gwoup ki pa fè pati kowòt.

ix Lokal yo dwe asire distans 6 pye a ant gwoup ki pa fè pati kowòt; 33% kapasite total pou chita, an jeneral, pèmèt chita nan chak twa chèz, ki ankouraje yon distans fizik anviwon 6 pye.

x Asosyasyon Patinaj sou Glas nan Etazini (United States Ice Rink Association, USIRA) pa idantifye kritè espesifik pou re-ouvri. USIRA deklare ke gouvènman lokal la

ta dwe preskri kritè yo. Retounen nan Patinwa yo: Prepare pou Re-ouvri Patinwa Ou. (Me 2020). <https://www.usicerinks.com/resources/COVID-19>

xi Patinwa estanda a se 80'X200' oswa ≈16,000 pi²; pi gwo patinwa yo ka pran plis moun (sa vle di, 1 patinè/≈640 pi² espas glas).



FAZ 2 RE-OUVÈTI

- xii Asosyasyon Entènasyonal Pak Tranpolin (International Association of Trampoline Parks, IATP) pa idantifye kritè espesifik pou re-ouvri; IATP deklare ke se gouvènman lokal la ki ta dwe preskri kritè yo. <https://www.indoortrampolineparks.org/>
- xiii Kapasite ekipman, se pa okipasyon nan bilding. ITAP sijere ke okipasyon an ta dwe kalkile sou baz zòn reyèl ke envite yo ka itilize. Kidonk, limite okipasyon an nan mwatye kapasite maksimòm lokal la pou tout kliyan fizikman, nan itilize tout ekipman/aparèy yon sèl fwa + kantite maksimòm kliyan ki kapab gen distans fizik (sa vle di, distans 6 pye) nan plas chita/zòn vizyalizasyon espektatè a. Pa egzanp, si yon lokal gen 10 mi an wòch pou grenpe avèk kapasite maksimòm 3 grenpè an total ki itilize fizikman yo chak nan menm moman an nan kondisyon nòmal X 10 mi = 30 kliyan total @ 50% = 15 kliyan + kantite maksimòm kliyan ki kapab gen distans fizik (sa vle di, distans 6 pye) nan plas chita/zòn vizyalizasyon espektatè.
- xiv Dapre [Dekrè Egzekitif 20-139](#) Gouvènè DeSantis la
- xvi Dapre [Dekrè Egzekitif 20-139](#) Gouvènè DeSantis la
- xvi Direktiv re-ouvèti CDC a isit la: <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/community/reopen-guidance.html>
- xvii Plizyè sous klase aktivite yo selon nivo risk. Gade [Texas Medical Association](#), [Hartford HealthCare](#), [State of Colorado](#), ak [CDC](#).
- xviii Lokal yo dwe asire distans fizik 6 pye ant gwoup ki pa fè pati kowòt.ous.
- xix Lokal konsè nan lokal fèmen ak anplennè.
- xx Tankou nan etap anvan yo, lokal yo dwe asire distans fizik 6 pye ant gwoup ki pa fè pati kowòt.
- xxi Kapasite ekipman, se pa okipasyon nan bilding. ITAP sijere ke okipasyon an ta dwe kalkile sou baz zòn reyèl ke envite yo ka itilize. Kidonk, limite okipasyon an nan mwatye kapasite maksimòm lokal la pou tout kliyan fizikman, nan itilize tout ekipman/aparèy yon sèl fwa + kantite maksimòm kliyan yo kapab gen distans fizik (sa vle di, distans 6 pye) nan plas chita/zòn vizyalizasyon espektatè a. Pa egzanp, si yon lokal gen 10 mi an wòch pou grenpe avèk kapasite maksimòm 3 grenpè an total ki itilize fizikman youn lòt nan menm moman an anba kondisyon nòmal X 10 mi = 30 kliyan total @ 75% = 23 kliyan + kantite maksimòm kliyan ki kapab gen distans fizik (sa vle di, 6 pye distans) nan plas chita/zòn vizyalizasyon espektatè.